



## **PWOSÈ VÈBAL OFISYÈL POU GWOUP TRAVAY ADMISYON LEKÒL EGZAMEN KOMITE LEKÒL BOSTON AN**

**1e Jen 2021**

Gwoup Travay Admisyon Lekòl Egzamen Komite Lekòl Boston an te fè yon reyinyon a distans nan jou 1e jan 2021 a 5 p.m. sou Zoom. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan atik ki anba yo, ale sou <https://www.bostonpublicschools.org/esataskforce>, voye yon imèl nan [feedback@bostonpublicschools.org](mailto:feedback@bostonpublicschools.org) oswa rele Biwo Komite Lekòl Boston an nan (617) 635-9014.

### **PREZANS**

Manm Gwoup Travay Admisyon Lekòl Egzamen ki te Prezan: Ko-Prezidan Michael Contompasis; Samuel Acevedo; Acacia Aguirre; Simon Chernow; Matt Gregor; Tanya Freeman-Wisdom; Katherine Grassa; Zena Lum; Zoe Nagasawa; Rachel Skerritt; Rosann Tung; ak Tamara Waite.

Manm Gwoup Travay Admisyon Lekòl ki te Absan: Ko-Prezidant Tanisha Sullivan

Pèsonèl BPS ki te Prezan: Monica Roberts, Chef Avansman Elèv, Fanmi ak Kominote; ak Monica Hogan, Direktris Egzekitif Prensipal Biwo Done ak Responsabilite.

### **DOKIMAN KI TE PREZANTE**

#### Ajanda

Pwosè Vèbal Reyinyon: Reyinyon 25 Me 2021 an

Prezantasyon: Gwoup Travay Lekòl Egzamen: Posib Varyab Trak Resansman Siplemantè

### **APÈL A LÒD**

M. Contompasis te rele reyinyon an a lòd. Li te anonsé te gen sèvis entèpretasyon similtane disponib an Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Pòtigè, Vyetnamyen, Kantonè, Mandaren, Arad, Somalyen, ak Lang Siy Ameriken (ASL); entèprèt yo te prezante

tèt yo epi yo te bay enstriksyon nan lang natif natal yo sou kijan pou moun aksede entèpretasyon similtane depi yo chanje chèn Zoom nan.

Me. Parvex te rele woulo a. Me. Sullivan te absan. M. Acevedo, Me. Aguirre, M. Chernow, ak Me. Waite te rive apre apèl woulo a. Dr. Freeman-Wisdom te rive apre apèl woulo a epi li te kite avan reyinyon an te ajoune.

## APWOBASYON PWOSÈ VÈBAL REYINYON: 25 ME 2021

***Apwouve – Gwoup Travay la te inaniman apwouve pwosè vèbal pou reyinyon Gwoup Travay Admisyon Lekòl Egzamen 25 Me 2021 an.***

### DISKISYON

Monica Hogan, Direktris Egzekitif Prensipal Biwo Done ak Responsabilite, te revive plis done ak similasyon Gwoup Travay la te mande ki gen rapò ak rezulta admisyon lekòl egzamen yo pou Ane Skolè 2021-2022.

Me. Hogan te prezante yon dyapozitif ak twa varyab trak resansman siplemantè; endèks konsantrasyon nan ekstrèm yo (kay moun blan ak wo revni opoze a kay moun nwa ak revni ki ba); endèks konsantrasyon nan ekstrèm yo (kay moun blan ki pa panyòl ak wo revni opoze a kay moun kolore ak revni ki ba); ak pouvantaj moun ki pi ba pase nivo povrete a. Epi tou li te prezante kat ki reflete done yo.

M. Gregor te panse li ta enteresan si yo chanje revni mwayen an pou yon bagay ki te gade revni yo nan ekstrèm yo, kòm li te parèt pi nyanse. Epi tou li te mande si li ta difisil pou yo jwenn ak verifye done sosyal-ekonomik pou elèv endividiyèl. Me. Grassa te eksprime enkyetid li sou enpak sa te ka genyen pou fanmi ki san papye yo, ak chay pwosesis sa ta mete sou lekòl yo. Me. Skerritt te sijere Gwoup Travay la gade lekòl ki gen wo konsantrasyon elèv ki dezavantaje sosyo-ekonomikman, konsa fanmi yo pa t ap oblige soumett enfòmasyon endividiyèl yo. Epi tou li te pwopoze distri a ale anvè yon pwosesis koleksyon ki santralize e pa yon pwosesis koleksyon ki baze sou lekòl yo, pou si yo ta bezwen kolekte enfòmasyon. Li te panse si yo te ka idantifye kèleswa elèv ki dezavantaje ekonomikman epi mete yon nonb syèj apa epi plase elèv sa yo avan yo ranpli rès syèj yo nan nivo ki detèmine a pa distri a, sa t ap yon modèl ideyal. Epi tou li te di li t ap yon modèl ki t ap pi fasil pou fanmi yo konprann.

Manm Gwoup Travay yo te kòmanse ap diskite pwopozisyon sa yo pou rekòmandasyon posib pou konsiderasyon Komite Lekòl Bostonan.

Me. Lum te prezante pwopozisyon li yo pou admisyon. Kritè elijibilite a ta pou yo gade klasman global nan klas yo, depi fen 5yèm ane, epi pa gade Mwayen Mak Pondere (GPA) a pou matematik ak ELA sèlman. Li ta konbine evalyasyon yo bay an otòn 6yèm ane. Pou envitasyon yo, li te vle konnen si te gen yon diferans nan 20% nan tout vil la opoze a 20% selon nivo.

Finalman li te sijere mete yon dat limit pou paran yo aksepte syèj pitit a yo, epi tout syèj moun pa reklame yo, yo ta distribye yo nan yon tiraj.

M. Gregor's te gen de modèl pou li sijere. Premye a se te pou premye 20% nan syèj yo ale pou tout vil la, nan yon siztem ki baze sou mak ak yon egzamen, oswa yon kombinezon yo toulede. Rès 80% nan syèj yo ta ranpli pa yon tiraj an etaj, sèvi ak uit etaj, konsa elèv nan chak nan etaj yo ta nan tiraj la ansanm ak lòt yo. Dezyèm sigjesyon an se te yon modèl 80%-20%, ak uit etaj admisyon. Yo ta pou elèv ki asiste lekòl ak wo povrete yo devan. Li te sijere ke si yo itilize yon egzamen, pou yo sèvi avèk li pou ede detèmine limit la pou poul kandida a.

Pwopozisyon M. Chernow a se te yon GPA 3.0 oswa B pwen kòmansman an pou elijibilite epi apre sa yon tiraj nan poul kandida a. Sigjesyon pa li a se te ke yon elèv pa ta sipoze jwenn plis avantaj depi yo fè yon GPA ki pi wo pase 3.0, epi te li te enkli bay kèk avantaj pou elèv BPS yo.

Dr. Tung te prezante pwopozisyon pa li pou politik admisyon an:

Elijibilite:

- GPA minimòm de 3.0 (oswa ekivalan) nan 5<sup>yèm</sup> ane ak 6<sup>yèm</sup> ane
- Plis avantaj pou moun ki fè fas a baryè (ELL, SWD, enplike ak DCF, sanzabri, estati sosyal-ekonomik ki ba)
- Preferans pou sa ki asiste BPS nan 5<sup>yèm</sup> ak 6<sup>yèm</sup> ane

Seleksyon

- Tiraj elèv ki elijib selon lekòl 6<sup>yèm</sup> ane
  - Sèvi ak Endèks Opòtinite pou klase lekòl 6<sup>yèm</sup> ane BPS yo e apre sa lekòl 6<sup>yèm</sup> ane ki pa nan BPS
  - Envitasyon yo an pwopòsyon a gwosè 6<sup>yèm</sup> ane nan lekòl 6<sup>yèm</sup> ane
- Epi tou li te sijere yon kontwòl kandida, envite ak elèv ki anwole chak ane
- GPA, prezans, gradyasyon
  - Sondaj elèv sou klima lekòl
  - Dezagrege selon gwoup ak pa lekòl 6<sup>yèm</sup> ane
  - Yo te ka konpare kòwòt yo
    - 2020 (GPA + ISEE)
    - 2021 (GPA + kòd postal pou 80%)
    - 2022 (TBD)

Dr. Tung te di pwopozisyon pa li a pa te enkli yon egzamen pou admisyon kòm manm yo te tande ase prèv nan etid sou admisyon nan inivèsite ke GPA a te yon pi bon endikatè pou siksè. Epi tou li te refere a etid ki te montre egzamen yo te yon baryè pou admisyon pou elèv revni fèb yo ak elèv kolore yo.

Me. Grassa te di li te kwè elijibilite a ta sipoze genyen yon eleman egzamen ladan li kòm li te panse mak yo pou kont yo te lontan pi inekitab pase potansyèlman itilize yon kombinezon de yon evalyasyon ak mak. Seleksyon an ta yon tiraj. M. Acevedo te di li te toujou pa si sou yon sistèm tiraj.

Dr. Tung te di li te fòtman opoze a itilizasyon egzamen NWEA Map la, li te di konsa, pamì lòt bagay, li te vyole plizyè estanda ki pa te gen okèn prèv de previzibilite de sikse.

Me. Skerritt te bay rezònman pa li sou enpòtans genyen yon evalyasyon ladan li. Li te di li te panse li pa ta jis pou yo gen potansyèl pou elèv ki pèfòme pi byen yo nan vil Bostonte ka pa jwenn yon plas nan youn nan lekòl egzamen yo poutèt yon tiraj abitrè.

Dr. Freeman-Wisdom te di li te kont yon tiraj epi li te enkyete pou itilizasyon GPA sa yon evalyasyon. Li te eksplike ke lekòl yo ta gen elèv ki te fè yon 3.0 san yo pa pran an konsiderasyon pwogram kote elèv sa yo te sòti.

M. Chernow te reflechi sou lekòl egzamen yo epi li te di li pa fè sans pou yon distri genyen tout elèv ki gen don yo nan twa menm lekòl yo.

Dr. Tung te ajoute li te dakò tou ke yo ta sipoze itilize tout sijè yo, se pa sèlman ELA ak matematik, kòm plis endikatè ki genyen, pi bon ak pi nyanse rezulta yo ta ye. Li te di tou ke vizyon pa li pou BPS se te pou li genyen lekòl segondè ak anwòlman ouvè, konsa elèv yo te ka matche ak lekòl selon kourikoulòm ak estil aprantisaj. Li te di li pa t ap pwopoze pou yo elimine lekòl egzamen yo men pou yo fè pwosesis antre a pi ekitab konsa yo te ka pi aksesib pou tout moun.

M. Contompasis te bay yon apèsi sou diferan opinyon manm yo epi li te di yo te tout dakò pou yo genyen yon sòt de egzijans pou elijibilite pou yo nan poul la ki ta yon B oswa GPA ki pi bon nan matematik ak Lang Anglè kòm endikatè a.

M. Acevedo te ajoute ke inivèsite yo te ka trete relèv yo ak travay AP yo, epi yo te ka sote evalyasyon yo, men li te panse pou lekòl egzamen yo, yon sòt de evalyasyon nesesè. Li te mande si te ka gen yon fason pou yo fè elèv ki pa nan BPS yo pase Sistèm Evalyasyon Konpreyansif Massachusetts la (*Massachusetts Comprehensive Assessment System*) (MCAS). Me. Grassa te eksplike ke MCAS la te kontwole pa Eta a epi konpleksite li ta pòte. M. Contompasis te ajoute ke li te panse li ta plis afekte elèv BPS yo negatifman si yo sèvi ak MCAS la.

M. Contompasis te di distri a te bezwen yon mekanis pou detèmine eta prepare a, oswa nivo limit la pou poul la. Li te panse li te ka yon konbinezon evalyasyon ak GPA, pondere ou pa. Li te anfaze enpòtans nan jwenn yon konsansis.

Manm yo te diskite posibilité itilize nominasyon pwofesè yo kòm yon kritè. Me. Grassa te di sa ta mete anpil presyon sou pwofesè yo pou yo genyen rekòmandasyon pwofesè, epi li ta yon pwosesis ki gen fòskote ladan li. Me. Skerritt te ajoute li ta yon pwosesis difisil ki te ka potansyèlman bay plis avantaj pou elèv ki gen anpil avantaj deja. Li te konkli nan di pa bay yon evalyasyon te santi yo t ap bese atant yo epi te gen yon diferans ant retire baryè ak prepare elèv pou baryè ki egziste yo.

**Reyinyon Gwoup Travay Admisyon Lekòl A Distans**

**Zoom**

**1e Jen 2021**

- Yanxi Fang, rezidan West Roxbury, gradye Boston Latin School (BLS), te temwaye ak sigjesyon sou kritè seleksyon yo.
- Mimi Lai, rezidant Roslindale, paran yon elèv nan BPS ak gradye BLS, te temwaye kont itilize yon tiraj kòm yon kritè pou admisyon.
- Steve Yang, rezidan West Roxbury, paran, te temwaye an favè itilizasyon yon evalyasyon kòm kritè pou admisyon.
- Nat Adams, rezidan West Roxbury, te temwaye ak yon kesyon sou poul kandida a.
- Anna Dore, rezidant West Roxbury, paran elèv nan Kilmer K-8 School, te temwaye an sipò yon sistèm tiraj.

**KÒMANTÈ AN KONKLIZYON**

M. Contompasis te remèsyé manm yo epi li te mande pou yo pare pou yo vote sou chak nan sigjesyon ki te fèt yo.

**AJOUNE**

A apeprè 7:20 p.m., Komite a te vote inaniman, pa apèl woule, pou yo ajoune reyinyon an.

Atestasyon:



Lena Parvez

Asistant Administrativ